QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«16» июль 2021-y. №01-01/4-349/2 «____»-__________ 2021-j.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Әдиллик министрлигине**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги Сизге, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2021-жыл 11-январьдағы ПҚ-4940-санлы қарарының 1-қосымшасында алыс ҳәм шетки аймакларда жайласқан бюджет шөлкемлерине басқа аймақлардан жумыс ислеў ушын келген жоқары мағлыўматлы қәниге ҳәм (яки) медицина хызметкерине басланғыш жәрдем пулы ҳәм ҳәр айлық пул компенсациясын төлеў бойынша схемада С.Каримовтың мүрәжатында көрсетилгениндей жеңилликлерден пайдаланыўдың басқышпа-басқыш тәртиби анық көрсетилген болып:

1-басқышта жоқары мағлыўматлы қәниге алыс аймақларда жайласқан бюджет шөлкемлеринде жоқары мағлыўматлы қәнигеге болған зәрүрлик бойынша бос жумыс орынлары бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳәм ўәлаят ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтында жайластырылған мағлыўматқа тийкарланып бюджет шөлкемин таңлаған ҳалда жумысқа кириў бойынша мүрәжат қылады:

2-басқышта Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен жоқары мағлыўматлы қәниге ҳәм медициналық хызметкер Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ортасында усы қарар менен белгиленген жеңилликлерден пайдаланыў бойынша шәртнама имзаланады ҳәм алыс аймақларда жайласқан жоқары мағлыўматлы қәниге ҳәм (яки) медицина хызметкери талап етилип атырған бюджет шөлкемине жумысқа жайласыў ушын Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси баслығының яки жуўапкер орынбасары тәрепинен имзаланған усынысnама бериледи.

Усыныснама бюджет шөлкемине жибериледи.

3-басқышта бюджет шөлкеми Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен имзаланған усыныснамаға тийкарланып жоқары мағлыўматлы қәнигени жумысқа қабыл етиў ҳәм де басланғыш жәрдем пулы ҳәм ҳәр айлық пул компенсациясын төлеў бойынша шөлкем баслығы буйрығын шығарады деп көрсетилген.

Мүрәжат ийеси С.Каримов Бозатаў районлық халық билимлендириў бөлимине қараслы 11-санлы (2018-жылда Кегейли районы 47-санлы улыўма орта билим бериў мектеби) улыўма орта билим бериў мектебине 2018-жыл 17-августта Кегейли районлық бәнтликке көмеклесиў орайының жолламасы менен жумысқа жайласқан.

Жоқарыдағы қарарда басланғыш жәрдем пулы ҳәм үй-жайларды ижараға алғанлығы ушын берилетуғын ҳәр айлық пул компенсация төлемлерин төлеў тәртиби ҳәм де қаржыландырыў дереклери анық белгиленген болып, қарарда белгиленген тәртипте әмелге асырылса мақсетке муўапық болады.

**Министр орынбасары** **Ш.Таджимуратов**

Таярлаған: С.Жуманиязов
Тел: 61-222-24-66

Xalq ta'limi tizimiga oid barcha yangiliklardan quyidagi havolalar orqali xabardor bo'lishingiz mumkin

www.uzedu.uz t.me/uzedu facebook.com/uzedu instagram.com/uzedu.uz